

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur nu ngawengku fakta carita (galur, tokoh jeung latar), sarta ajén moral anu satuluyna dipatalikeun kana bahan pangajaran aprésiasi drama kelas XII. Ieu objék panalungtikan nyaéta naskah drama *Sang Kuriang* karya Utuy T. Sontani. Anapon téori nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téori strukturna Robert Stanton anu ngabagi fakta carita jadi tilu nyaéta galur, tokoh jeung latar. Téori nu lianna nyaéta tiori Bertens nu ngabagi ajén moral jadi opat nya éta moral nu patali jeung tanggung jawab, moral nu patali jeung nurani, moral nu sifatna ngawajibkeun, jeung moral nu sifatna formal. Aya ogé ngeunaan kritéria bahan ajar nurutkeun Nasution nyaéta tujuan nu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan sarta luyu jeung kabutuh katut minat siswa ngagunakeun téorina Nasution. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis ngaliwatan téknik studi pustaka, analisis data, jeung interpretasi. Anapon instrumén nu digunakeun nyaéta instrumén tabél céklis buku sumber, kartu data fakta carita, kartu data ajén moral, jeung tabél céklis kritéria milih bahan ajar.

Fakta carita dina naskah drama *Sang Kuriang* karya Utuy T. Sontani, boga galur merélé anu dibagi jadi lima aspek nyaéta éksposisi, komplikasi, klimaks, résolusi, jeung konklusi nu nyaritakeun ngeunaan lalampahan *Sang Kuriang* anu banting tulang pikeun ngala haté indungna. Lian ti éta, ieu naskah ogé ngagambarkeun karep masarakat baheula nu kurang maham kana pamahaman agama lantaran aya sababaraha sikep nu lain tuladeneun saperti aya anak bogoh ka indung, atawa maéhan manéh. Ieu naskah ogé ngagambarkeun kaayaan tempat jeung masarakat jaman harita. Tokoh utama dina ieu naskah nyaéta *Sang Kuriang*. Tokoh tambahan diantaranya aya Dayang Sumbi, Si Tumang, Gandék,

Arda Lépa jeung para siluman. Sababaraha karakter nu aya dina tokoh boga watek anu béda-béda. Saperti Sang Kuriang nu bengis tapi tanggung jawab jeung jujur, Dayang Sumbi nu nyaah pisan ka anak jeung kulawargana, Gandék anu satia, Si Tumang anu sabar, Arda Lépa anu bijak, jeung Siluman anu hasud. Latar tempat dina ieu naskah aya di rupa-rupa tempat sabudeureun tanah Priangan. Carita dimimitian di palataran imah Dayang Sumbi. Latar tempat lumangsungna runtuyan kajadian dina naskah drama *Sang Kuriang* dibagi jadi dua bagian, nya éta latar tempat anu umum (general) jeung latar tempat anu husus (parsial). Latar tempat umum diantaranya di leuweung, di gunung, latar tempat husus diantaranya di palataran imah, sungai citarum. Lian ti latar tempat, aya ogé latar waktu anu katitén dina ieu naskah contona wanci pecat sawed nu nuduhkeun waktu beurang. Anapon latar waktu nu séjénna nyaéta isuk-isuk, ti beurangna, sabada maghrib, subuh-subuh pukul lima, peutingan kadua, wanci lingsir, isukna, pukul tujuh soré, waktu pajar jeung latar suasana nu ngagambarkeun kaayaan haté Dayang Sumbi nu hariwang jeung tegang lantaran Sang Kuriang nu nekad rék migarwa Dayang Sumbi.

Ajén-ajén moral anu dipaluruh ngaliwatan aspek-aspek dina pamadegan Bertens, 2013 kc. 59 anu ngabagi moral jadi opat aspék ku kituna kapanggih 5 ajén moral nu patali jeung tanggung jawab, 9 ajén moral nu patali jeung nurani, 11 ajén moral nu sifatna ngawajibkeun jeung 13 ajén moral anu sifatna formal anu saupama ditingali dina kahirupan mindeng kaalaman ku masarakat jaman ayeuna. Hasil analisis fakta carita jeung ajén moral dina ieu naskah téh tuluy dipatalikeun jeung bahan ajar. Naskah drama *Sang Kuriang* téh nyumponan kana kritéria bahan ajar sabab miboga ajén-ajén anu bisa dipilih hal-hal anu alusna sarta loba ngagambarkeun kaayaan masarakat jaman baheula nu dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun siswa upama dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.

5.2 Implikasi

Naskah drama *Sang Kuriang* mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda anu eusi carita na miboga ajén-ajén anu bisa dijadikeun pieunteungeun dina kahirupan

sapopoé, hususna dina kahirupan ayeuna nu geus modérn. Lian ti éta, dina ieu naskah nyangkaruk ajén-ajén moral anu saupama diterapkeun ka siswa SMA bisa ngawilah mana nu hadé jeung mana nu goréng. Hasil dina ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat, salah sahijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda hususna naskah drama sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.

5.3 Saran

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun aprésiasi kana karya sastra hususna naskah drama. Saran nu ditepikeun nyaéta pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat umum.

Saran pikeun mahasiswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi hususna nu patali jeung fakta carita katut ajén moral.

Saran pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep aya deui panalungtikan nu maluruh naskah drama *Sang Kuriang* karya Utuy T. Sontani ngagunakeun pamarekan lianna.

Saran pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di SMA kelas XII utamana pangajaran aprésiasi drama.

Saran pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun karep kana aprésiasi seni pertunjukan hususna drama.